«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
_____________ Р.Реимов
02 - июнь ______ 2021-жыл.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанындағы өндирислик мәжилисиниң **БАЯНЛАМАСЫ №7/1**

Нөкис қаласы 02-июль 2021-жыл.

| | | |
|---|---|---|
| Жыйналыс баслығы: | Р.Реимов | -Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри |
| | А.Қыпшақбаев | -Қарақалпақстан Республикасы Прокурорының аға жәрдемшиси |
| Хаткери: | И.Медетов | -РБО методисти |

Қатнасқанлар: -Министр орынбасарлары, бөлим баслықлары ҳәм барлық қалалық районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары

**КҮН ТӘРТИБИНДЕ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының 2021-жыл 26-июньдағы «Нызам бузылыўы, оның келип шығыў себеплери ҳәм оған жаратып берип атырған шараятларды сапластырыў ҳаққында»ғы 9/-21-санлы усыныс хатында атап өтилген кемшиликлерди сапластырыў ҳаққында

**Р.Реимов, А.Қыпшақбаев, Қ.Бекбаўлиев, Ш.Таджимуратов, П.Ақназаров, Х.Давлетяров, А.Худайбергенов, Қ.Разбеков, К.Аметов ў.а, Г.Ерниязова ў.а, Ф.Ергуланова, М.Аметов, М.Таджетов, Б.Ажимуратов, Д.Атажанов, А.Худайбергенов, Қ.Хамидуллаев ў.а, О.Султамуратов,А.Нуримбетов, А.Орынбаева, А.Ходжаметов**

Күн тәртибиндеги биринши мәселе бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри Р.Реимов шығып сөйлеп, Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының 2021-жыл 26-июнь деги 9/-21-санлы усыныснамасы менен таныстырып өтти. Республика Прокуратурасы тәрепинен улыўма орта билим бериў мектеплеринде шақырыққа шекемги баслаўыш таярлық пәни басшылары ҳәм муғаллимлериниң жумысларын нәтийжели шөлкемлестириў жағдайы үйренилгенде бул тараўда айтарлықтай жумыслар әмелге асырылған болса да, бир қатар нызам бузылыў жағдайларына жол қойылғанлығы анықланған. Атап айтқанда, ҳәзирги күнде 552 мектепте шақырыққа шекемги баслаўыш таярлық шынығыўларын алып барыў ушын сап майданы шөлкемлестирилген болса, 303 мектепте сап майданшалары сызылмаған ямаса сызылған сап майданлары ескирген. Төрткүл районында 25 мектеп, Беруний районында 37 мектеп, Әмиўдәрья районында 55 мектеп, Қоңырат районында 32 мектеп, Тақыятас районында 16 мектеп Шоманай районында 23 мектеп, Хожели районында 10 мектеп, Кегейли районында 14 мектеп, Бозатаў районында 9 мектеп ҳәмде Тахтакөпир районындағы 17 мектептиң сап майданшалары сызылмаған, сызылған сап майданшалары ескирген.

Халық билимлендириў министрлигине қараслы 696 улыўма орта билим бериў мектеплеринде 701,5 шақырыққа шекемги баслаўыш таярлық пәни басшылары штат бирлиги болып, жәми 700 ШШБТ басшысынан 240 қәниге, 460 ШШБТ басшысы басқа пән муғаллимлерин қурайды.

Қәниге емес ШШБТ басшыларының 241 дене-тәрбия, 26 технология пәни, 52 инженер, 37 физика ҳәм математика, 34 тарийх пәни, 20 биология пәни, 24 география пәни, 18 орыс тили ҳәм әдебияты пәни ҳәм 8 муғаллим басқа тараў қәнигелери есабына туўра келген.

Қарақалпақстан Республикасыда 461,5 штат бирликлеринде қәниге емес ШШБТ басшылары жумыс алып барып атырғанлығы ҳәмде қәниге муғаллимлерге зәрүрлик болыўына қарамастан Бәнтликке көмеклесиў орайларына тийисли мағлыўматлар берилмегенлиги анықланған.

Атап айтқанда Нөкис қаласы ҳәм Әмиўдәрья районларында 46 штат бирлиги, Хожели районында 38, Қанлыкөл районында 22, Шоманай районында 26, Қоңырат районында 36, Мойнақ районында 20, Тахатакөпир районында 20, Қараөзек районында 30, Бозатаў районында 15, Кегейли районында 36, Шымбай районында 45, Беруний районында 52, Төрткүл районында 37, Тақыятас районында 19,Елликқала районында 57 ҳәмде Нөкис районларында 24 қәниге емес ШШБТ басшысын қурайды.

Республика бойынша жәми 696 улыўма орта билим бериў мектеплеринде ШШБТ пәни шынығыўлары алып барылып,соннан 66 мектепте ШШБТ ханасы ажыратылмаған,91 ШШБТ пәни класслары үскенелер менен тәмийинленбеген.

Соннан, 43 мектеп Әмиўдәрья районында, 21 мектеп Нөкис районында, 2 мектеп Нөкис қаласы ҳәм Қанлыкөл районларында, 3 мектеп Тақыятас районында, 7 мектеп Тахтакөпир районында, 12 мектеп Шымбай районында, 1 мектеп Шоманай районында ШШБТ ханалары ажыратылмаған ямаса үскенелер менен толық тәмийинленбеген.

Соның менен бирге, улыўма орта билим бериў мектеплеринде ШШБТ пәни басшыларының жумыс алып барыўы ушын жетерли шараятлар жаратыў белгиленген болыўына қарамастан Республика бойынша 631 мектеп қурал жарақ макетлери менен тәмийинленбегенлигин есапқа алып, барлық улыўма орта билим бериў мектеплеринде анықланған кемшиликлерди сапластырыў бойынша тийисли ис-илажлар ислеп шығылыўы кереклиги айтып өтилди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиев шығып сөйлеп, улыўма орта билим бериў мектеплеринде ШШБТ пәни басшыларының жумыс алып барыўы ушын жаратылған шараятлар барлық орынларда қанаатландырарсыз екенлигин, ШШБТ пәни басшыларына қәниге кадрларды тартыў бойынша бир қатар усынсылар билдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанындағы өндирислик мәжилис

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының 2021-жыл 26-июнь деги 9/-21-санлы усыныснамасы менен берилген тапсырмалар басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. **Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиев, министрликтиң кадрлар бөлими (С.Жуманиязов) ҳәм де барлық қалалық, районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы тәрепинен жиберилген усыныс хатын барлық ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлеринде тийисли шөлкем хызметкерлери менен кеңейттирилген мәжилисте қарап шығыў, нызам бузылыўы жағдайларының келип шығыў себеплерин сапластырыў бойынша анық ис-илажлар белгилеў;

- **бир ҳәпте** мүддет ишинде усыныснамада келтирилген қәте кемшиликлерди сапластырыў бойынша улыўма орта билим бериў мектеплеринде анық ис-илажлар ислеп шығыў, ШШБТ пәни басшысы лаўазымына тәжирийбели қәниге кадрларды тартыў, ШШБТ пәнин оқытыўды нәтийжели ҳәм сыпатлы шөлкемлестириў, олардың жумыс алып барыўы ушын жетерли шараятлар жаратыў ҳәмде тәжирийбесин арттырып барыў ушын семинар-тренинглер, дөңгелек стол әтирапында сәўбетлесиўлер ҳәм оқыў шынығыўларының турақлы түрде өткерилип барылыўын тәмийинлесин;
- **үш күн** мүддет ишинде ШШБТ пәни басшысы лаўазымына қәнигели кадрларды тартыў ҳәм де ШШБТ пәнин оқытыўды нәтийжели ҳәм сыпатлы шөлкемлестириў мақсетинде бәнтликке көмеклесиў орайлары менен биргеликте ғалаба хабар қуралларында телерадио, социаллық тармақларда тийисли мағлыўматлардың жарытылып барылыўын жолға қойыў ўазыйпалары жүкленсин.

3. **Министрликтиң кадрлар бөлими (С.Жуманиязов)не:**
Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының 2021-жыл 26-июньдағы «Нызам бузылыўы, оның келип шығыў себеплери ҳәм оған жаратып берип атырған шараятларды сапластырыў ҳаққында»ғы 9/-21-санлы усыныс хатында орын алған бир қатар кемшиликлер атап айтқанда, улыўма орта билим бериў мектеплеринде шақырыққа шекемги баслаўыш тәрбия пәни басшысы лаўазымына қәнигелерди тайынлаўда қәтеликке жол қойған Нөкис қаласы ҳәм Нөкис, Әмиўдәрья, Хожели, Қанлыкөл, Шоманай, Қоңырат, Мойнақ, Тахатакөпир, Қараөзек, Бозатаў, Кегейли, Шымбай, Беруний, Төрткүл, Тақыятас ҳәм Елликқала районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына, сондай-ақ, шақырыққа шекемги баслаўыш тәрбия пәнин оқытыўда тийисли шараятлар жаратып бермеген Төрткүл районлық 3,6,9,12,15,17,19,23,25,26,31,32,33,41,42,48,49,50,51,52,55,56,61,65,67-санлы, Беруний районлық 2,4,5,8,9,10,12,17,18,20-25,27,31-34,37-41,43-45,55-58,62,63,65,68,70-санлы, Әмиўдәрья районлық 3,4,6,8,9,10,13-18,19,21-24,29-51, 53-54,57,58,59-62,67-72, 74,75,84, 87-санлы, Қоңырат районлық 1,2, 5-8,10,12,14,18-21,26,32-34,36-38,40-42-44,46-48,52-56-санлы, Тақыятас районлық, 2,3,6-12,14-20-санлы, Шоманай районлық 1-5, 6-19, 21-26, 31-33-санлы, Хожели районлық 9-16,24,25-санлы, Кегейли районлық 3,6,11,15,18,23,24,25,26,34-37, 39-санлы, Бозатаў районлық 1,2,5,6,8,10,11,14,15-санлы ҳәм Тахтакөпир районлық 1-4,7-9,11-17,19-22-санлы улыўма орта билим бериў мектеплери директорларына гезектеги интизамий шараларын көриў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Усы қарардың орынланыўын өз қадағалаўымда қалдыраман.

Баянламаны рәсмийлестирген: И.Медетов

**«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»**
**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри**
**орынбасары**
**_______________ Ш.Таджимуратов**
**«05» июль _________ 2021-жыл**

Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының 2021-жыл 26-июньдағы «Нызам бузылыўы, оның келип шығыў себеплери ҳәм оған жаратып берип атырған шараятларды сапластырыў ҳаққында»ғы 9/-21-санлы усыныс хатында атап өтилген кемшиликлерди сапластырыў бойынша Халық билимлендириў министрлигиниң ИС-РЕЖЕСИ

| № | Әмелге асырылатуғын ўазыйпалар | Мүддети | Жуўапкерлер |
|---|---|---|---|
| 1 | Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының 2021-жыл 26-июньдағы «Нызам бузылыўы, оның келип шығыў себеплери ҳәм оған жаратып берип атырған шараятларды сапластырыў ҳаққында»ғы 9/-21-санлы усыныс хатында атап өтилген кемшиликлерди сапластырыў бойынша министрликтиң ис-илажлар режесин қәлиплестириў ҳәм тастыйықлатыў. | 2021-жыл июль | Ш.Таджимуратов, Қ.Жубанов, С.Жуманиязов |
| 2 | Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы тәрепинен жиберилген усыныс хатын барлық ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлеринде тийисли шөлкем хызметкерлери менен кеңейттирилген мәжилисте қарап шығыў, нызам бузылыўы жағдайларының келип шығыў себеплерин сапластырыў бойынша анық ис-илажлар режесин ислеп шығыў | 2021- жыл июль | Барлық ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары тийисли шөлкемлер менен биргеликте |
| 3 | Усыниснамада орын алған кемшиликлерди сапластырыў бойынша улыўма орта билим бериў мектеплеринде анық ис-илажлар ислеп шығыў, ШШБТ пәни басшысы лаўазымына тәжирийбели қәниге кадрларды тартыў, ШШБТ пәнин оқытыўды нәтийжели ҳәм сыпатлы шөлкемлестириў, олардың жумыс алып барыўы ушын жетерли шараятлар жаратыў ҳәмде тәжирийбесин арттырып барыў ушын семинар-тренинглер, дөңгелек стол әтирапында сәўбетлесиўлер ҳәм оқыў шынығыўларын шөлкемлестириў. | 2021-жыл 26-31 июль | Ш.Таджимуратов, Қ.Жубанов, С.Жуманиязов, Барлық ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери |
| 4 | Шақырыққа шекемги баслаўыш тәрбия пәни басшысы лаўазымына қәнигели кадрларды тартыў ҳәм де пәнди оқытыўды нәтийжели ҳәм сыпатлы шөлкемлестириў мақсетинде бәнтликке көмеклесиў орайлары менен биргеликте ғалаба хабар қуралларында телерадио, социаллық тармақларда тийисли мағлыўматларды ен жайдырыў. | 2021- жыл июль | Қ.Жубанов, С.Жуманиязов, Барлық ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери |

Таярлаған: И.Медетов